



BIWO EGZEKITIF POU LASANTE AK SÈVIS SOSYAL
DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMAN
ETA MASSACHUSETTS
1000 WASHINGTON STREET, BOSTON, MA 02118
(617) 727-5608

MAURA T. HEALEY
GOUVÈNÈ

MARY A. BECKMAN
SEKRETÈ PA ENTERIM

KIMBERLEY DRISCOLL
LYETNAN GOUVÈNÈ

JANE F. RYDER
KOMISÈ

Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS
Avi sou Peryòd Enterè Ouvè

Chè Fanmi yo,

Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS se yon kolaborasyon ant Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) ak Depatman Sèvis Devlopman (DDS) pou elèv ki kalifye pou DDS ki riske yon plasman rezidansyèl alavni.

Pwogram nan bay elèv yo ak fanmi yo:

- Opòtinite pou gen sipò adomisil, ki gen ladan terapet ki trè kalifye ak fòmata ki gen anpil konpetans
- Yon ajans pilot ki dedye pou idantifye ak rekrute pèsonèl yo
- Devlopman konpetans pandan tout lavi
- Opòtinite pou mete an pratik konpetans yo adomisil ak nan kominote yo

Peryòd enterè ouvè sa a bay pou renouvle lis elèv ak fanmi ki enterese yo. Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS la prèske konplè; Sepandan, nouvo patisipan yo ap ajoute nan Lis Enterè a ofi-amezi plas y ap disponib.

Se yon priyorite pou Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS pou asire ke pwosesis demann patisipasyon nan pwogram lan aksesib pou tout fanmi ak timoun ki kalifye pou sèvis DDS epi li pran ankont divèsite linguistik ak kiltirèl.

Dokiman ekri yo disponib nan lang sa yo:

- | | | |
|--------------------|----------------------|--------------|
| • Arab | • Kreyòl Ayisyen | • Chinwa |
| • Kantonè | • Khmer | • Senplifye |
| • Kreyòl Kapvèdyen | • Nepalè | • Somali |
| • Anglè | • Pòtigè (Brezilyen) | • Espanyòl |
| | | • Vyetnamyen |

Pwogram DESE/DDS a gen yon sistèm sou Entènèt kounye a pou kolekte non elèv ki enterese nan Pwogram sa a. Tanpri aksede avèk soumasyon enterè sou entènèt la isit la oswa atravè kòd QR ki anba a: <https://forms.office.com/g/QwjhjkQPzy>

Vèsyon papye fòmilè a ka konsilte ak enprime apati sitwèb Mass.gov la. Fòmilè an papye yo ka voye pa lapòs oswa imèl. Enstriksyon yo nan fòmilè an. Tanpri aksede avèk vèsyon papye Fòmilè Enterè a isit la oswa atravè kòd QR ki anba a: <https://www.mass.gov/dese-dds-program>

Pou plis enfòmasyon sou sèvis pitit ou a ka gen aksè, tanpri vizite Sant Sipò pou Fanmi lokal ou a. Ou ka jwenn yon lis aktyèl sou sant yo nan vizite: <https://www.mass.gov/dds-family-support>

Kòm yon rapèl: Ekspriye enterè nan pwogram nan pa yon garanti akseptasyon oswa enskripsyon nan pwogram nan, epi tout finansman yo ka chanje.



Pwogram DESE/DDS
Deskripsyon ak Papye
Fòmilè Enterè Ouvè
Kòd QR



Pwogram
DESE/DDS soumèt
enterè ouvè sou
Entènèt Kod QR



Kod QR Sant Sipò
pou Fanmi

Ekspriye enterè nan pwogram nan pa yon garanti akseptasyon oswa enskripsyon nan pwogram nan, epi tout finansman yo ka chanje.



Depatman Sèvis Devlopmanal la

Fòmilè Enterè pou Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS

Depatman Edikasyon Elemantè ak Edikasyon Segondè/Depatman Sèvis Devlopmanal la

Deskripsyon Pwogram nan: Pwogram DESE/DDS la se yon pwogram global ki fèt pou bay gwo soutyen pou fanmi ak pou kay pou redwi bezwen pou yon plasman restriktif, rezidansyèl pou elèv yo. Elèv yo travay lakay yo avèk fòmèlè konpetans ak lòt terape pou devlope konpetans pou tout lavi yo.

TANPRI RANPLI L SI ELÈV OU AN:

1. Enskri kounyeya nan yon pwogram lekòl ki apwouve atravè distri lekòl lokal la
2. Genyen ant 6 ak 21 lane
3. Ap viv kounyeya nan kay fanmi an oswa nan kay swanyan an

Tanpri ekri repons yo oswa ekri yon fason ki klè an karaktè enprimri (itilize lank ble oswa lank nwa):

Non Elèv la	
Non Paran/Gadyen Legal la	
Dat Nesans Elèv la	
Dyagnostik Prensipal Elèv la	
Adrès Prensipal Elèv la:	Liy Adrès 1:
	Liy Adrès 2:
	Vil: Eta: MA
	Kòd Postal:
Nimewo Telefòn Prensipal Paran/Gadyen Legal la	
Adrès Imèl Prensipal Paran/Gadyen Legal la	
Nan Ki Lang Ou T Ap Prefere Pale Konsènan Elèv Ou An?*	<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espanyòl <input type="checkbox"/> Pòtigè <input type="checkbox"/> Arab <input type="checkbox"/> Vyetnamyen <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Mandaren <input type="checkbox"/> Lòt:
Nan Ki Lang Ou T Ap Prefere Resevwa Materyèl Ekri yo Konsènan Swen Elèv Ou An?*	<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espanyòl <input type="checkbox"/> Pòtigè <input type="checkbox"/> Arab <input type="checkbox"/> Vyetnamyen <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Mandaren <input type="checkbox"/> Lòt
Nan ki lekòl elèv ou an ale kounyeya? (<i>Seleksyone Youn</i>)	<input type="checkbox"/> Lekòl Adomisil lakay elèv la <input type="checkbox"/> Lekòl Piblik nan lekòl lokal ki nan vil ou an <input type="checkbox"/> Andeyò Lekòl Distri a nan yon lekòl kolaboratif, terapeetik oswa lekòl pou bezwen espesyal <input type="checkbox"/> Lòt
Èske elèv ou an elijib kounyeya pou DDS Child Services? (<i>Seleksyone Youn</i>)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non (tanpri kontakte yon sant sipò famiyal pou jwenn èd pou aplike)
Ki Sèks Elèv Ou An Idantifye L Avèk Li? (<i>Seleksyone otan kantite elèv ou an bezwen</i>)	<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Non-binè <input type="checkbox"/> Transjan <input type="checkbox"/> Prefere pa reponn
Ki ras/gwoup etnik elèv ou an? (<i>Seleksyone otan kantite elèv ou an bezwen</i>)	<input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Awayen/Abitan Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Ispanik/Latino <input type="checkbox"/> Natif Ameriken <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Prefere pa reponn

- Ranpli fòmilè a se pou eksprime enterè nan pwogram nan, epi sa pa garanti akseptasyon oswa enskripsyon
- Si ou te ranpli yon Fòmilè Enterè nan pase, epi ou toujou enterese, tanpri ranpli yon lòt fòmilè
- Fòmilè a dwe tape oswa ekri ak lèt detache yon fason ki klè. Si w ap depoze fòmilè a, mete l nan yon anvlòp kachte ki make **DESE/DDS Interest Form**.
- **Depoze fòmilè yo:** nan Biwo Zòn DDS lokal yo, Sant Sipò Famiyal/Otis-se pa nan **Biwo Santral DDS la**.
- **Voye fòmilè yo pa lapòs:** DDS-Central Office, Att. DESE/DDS Program, 1000 Washington Street 4th Floor, Boston, MA 02118
- **Voye fòmilè yo pa imèl:** DESEDDSPROGRAM@MassMail.State.MA.US.
- **PA ATACHE DOSYE IEP/DOSYE MEDIKAL YO/ OKENN LÒT DOKIMAN NAN MOMAN SA A. VOYE SÈLMAN FÒMILÈ SA A.**

Mwen te ranpli fòmilè sa a yon fason ki presi epi se laverite selon tout sa mwen konnen.

Siyati Paran/Gadyen Legal:

Dat:

**Yo ofri Tradiksyon ak Entèpretasyon gratis pou patisipan yo.*